Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.

Инхоса ГIали-хIажи

# Гумбет



www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

Гумбет районалъул газета

№ 20 (6906) 27 май 2024 с. Итни ЗулкъагIида 1445 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БАХIАРЗАЛ

## СайгидахIмад АхIмадов ва Гъалип Гъалипов ХIажимурад Хъазанбиевасухъе щвана

### ТIаса Гьарадирихъа бахIарчиясул тIолго улкаялъ бицана

**Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул нухмалъулесул заместитель СайгидахIмад АхIмадов ва Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалипов 2024-абилеб соналъул 21-абилеб маялда СВОялдаса лъукъун вачIарав Каспиялъул флотилиялъул аскарияв, ТIаса Гьарадирихъа ХIажимурад Хъазанбиевасухъе щвана.**



СайгидахIмад АхIмадовас Хъазанбиевасе гIарцулаб ва цогидал сайгъатал кьуна ва абуна регионалияб тIалъиялъ гьесие кидаго кумек гьабизе бугин. АхIмадовасул рагIабазда рекъон, Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовас спецоперациялъул рагъухъабазул тIалаб гьабиялде кIудияб кIвар кьун буго.

Бакълъулазул, районалъул администрациялъул ва жиндирго рахъалдасан ХIажимурад Хъазанбиевасе гIарцулаб сайгъат кьуна муниципалитеталъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасги.

Бакълъулазул нухмалъулес баян гьабуна бахIарчиясул чIужу Сапият Камиловаги унго-унгояй чIужугIадан йикIин, гьелъие баркала загьир гьабуна Гъалиповас лъукъун вачIарав ХIажимурадие гьабураб лъикIаб хъулухъалъухъ ва тIалаб-агъазалъухъ.

Дандельиялда гьединго гIахьаллъи гьабуна ВатIан цIунулесул имгIалзаби ГIалибулад Будуновас, МухIамад Вадудовас, «Гумбет» басмаялъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудиновас, Бакълъул районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас ва цогидаз.



ХIажимурад Хъазанбиевасул бахIарчилъиялъул тIолго улкаялъ бицана. Къоло цо къоялъ лъукъарав гьев квенги, лъимги, дарабиги гьечIого живго хутIана фронталъул мухъалда. Гьев хвасар гьавуна Петербургалъулаб рагъулаб часталъул бухьеналъул хIалтIухъан Валентин Петровас, пулемётчи Владимир Семёновас.

ХIажимурад Хъазанбиевасул хIакъалъулъ сюжетал рихьизаруна федералиял, регионалиял телеканалаз. Социалиял гьинал хIалтIизарулезул рагIабазда рекъон, бахIарчиял рагъухъабазе пачалихъиял шапакъатал мустахIикъал руго, гIумруялда барахщичIого тIадаб борч тIубаралъухъ.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

## Каспийскалда: тайпадулаб гIи-цIаназул цебелъей

### Бакълъулазул нухмалъулезги гIияхъабазги гIахьаллъи гьабуна

**Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас араб анкьалъ гIахьаллъи гьабуна Каспийскалда тIобитIараб Россиялъул XXIV тайпадулаб гIи-цIаназул цебелъеялда.**



Росдал магIишаталъул базаралда жигараб гIахьаллъи гьабуна Бакълъул мухъалъул тайпадулаб гIи-боцIи гIезарулел хозяйствабаз. Муниципалитеталъул росдал магIишаталъул ва экономикаялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовасул рагIабазда рекъон, базаралда Бакълъул район бихьизабуна «Салам-А» КФХялъ, «Ухо» ООО ялъ ва «Чед» КФХялъ.

Улкаялъул росдал магIишаталъул базаралде гьединго рачIана Херсон, Запорожиялъул областазул вакилзабиги. Тадбиралъул гIахьалчагIи ва гьалбал къабул гьаруна Дагъистаналъул ХIукуматалъул бетIер ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас.

Росдал магIишат цебетIеялъе квербакъулел тадбиразулъ жигараб гIахьаллъи гьабула бакълъулаз.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Гъалип Гъалиповас МухIамад МухIамадсагIитов къабул гьавуна**

- 2 гьум.



**Магьди Юсуповасул цIаралда – волейболалъул турнир**

- 2 гьум.



**Игьалиса МухIамад МуртазагIалиевасул чIел**

- 2- гьум.



**ХIабиб УхIумаев студенталгун дандчIвана**

- 2- гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Гъалип Гъалиповас МухIамад МухIамадсагIитов къабул гьавуна

### Лъим бачин, къватIал къачIай, сахлъи цIуни...

**Бакълъул мухъалъул нухмалъулев Гъалип Гъалипов дандчIвана араб анкьалъ ЦIунди-Щабдухъ росдал депутатазул Советалъул, фельдшерскияб пунктaлъ-**



**ул нухмалъулев МухIамад МухIамадсагIитовгун.**

Росулъ лъим чIезабиялъул, сахлъи цIуниялъул, росдал магIишат цебетIезабиялъул, къватIал къачIаялъул ва цогидал кIвар бугеб суалал рорхана данделъиялда.

МухIамадсагIитовас баркала загьир гьабуна муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповасе «ЦIунди-Щабдухъ» сельсоветалде гьорлъе кколел росабалъ лъел рогIрал лъезе ва цогидал проектал гIумруялде рахъинаризе гьабураб кумекалъухъ.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

# Магьди Юсуповасул цIаралда – волейболалъул турнир

### 5 районалъул командабаз гIахьаллъи гьабуна

**Районазда гьоркьосеб Магьди Юсупов ракIалдещвеялъул волейболалъул турнир тIобитIана Бакълъул районалъул МелъелтIа росулъ. Къецазулъ гIахьаллъи гьабуна Бакълъул, Хунзахъ, Унсоколо, Болъихъ ва Шамил районазул командабаз.**

Турнир тIобитIиялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул администрациялъ, Юсуповасул гьудул, МелъелтIа росулъа сахаватчи ГIалихIажи Ислахановас, МелъелтIа росдал бегавул МухIамад ГIабдунасировас ва цогидаз. Районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасул рахъалдасан тадбиралъул гIахьалчагIаздехун саламалъулаб кIалъай гьабуна администрациялъул нухмалъулесул кумекчи МухIамад МухIамадгIалиевас.

ХIалуцарал къецазул хIасилалда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Шамил районалъул Гьолокь росдал команда, кIиабилеб бакI щвана Хунзахъ районалъул ТIануси росдал командаялъе, лъабабилеб бакI босана мелъелдерил командаялъ.

Турниралда бергьенлъи босарал ва къиматал бакIал щварал кубокалдалъун, грамотабигун медалаздалъун ва цогидал сайгъатаздалъун кIодо гьаруна. Шапакъатал командабазе кьуна ДГУялъул ВиСРялъул проректор, Дагъистаналъул волейболалъул Федерациялъул вице-президент МухIамад Гъайирбековас, ДГУялъул биохимиялъул, биофизикаялъул кафедраялъул лабораториязул



нухмалъулев КъурамухIамад МухIамадовас.

Тадбиралъул гIахьалчагIазе ва гьалбадерие квен чIезабун букIана МелъелтIа росдал бегавул МухIамад ГIабдунасировасул кумекалдалъун. Турнир тIобитIизе гьединго кумек гьабуна мелъелдерил гIолилаз. Районалъул нухмалъулесул кумекчи МухIамад МухIамадгIалиевас баркала загьир гьабуна командабазе ва турнир гIуцIаразе, гьединго администрациялъул рахъалдасан баркалаялъул кагъат кьуна ГIалихIажи Юсуповасе, МелъелтIа бугеб спортшколалъул директор Барти Астимировасе ва цогидазе.

Къецазулъ гIахьаллъи гьабуразе ва гьеб гIуцIаразе сайгъатал кьуна Магьди Юсуповасул




гIагарлъиялъги. Муниципалитеталъул рахъалдасан хасаб баркала кьуна командабазе къимат кьурав тIадегIанаб категориялъул судияв КъурамухIамад МухIамадовасе.

**Макка МухIамадова**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

# Игьалиса МухIамад МуртазагIалиевасул чIел

### Греказулгун румазул гугариялъул рахъалъ Европаялъул чемпионлъун вахъана

**Россиялъул гIолилазул греказулгун румазул гугариялъул командаялъул гIахьалчи, Бакълъул районалъул Игьали росулъа МухIамад МуртазагIалиев Европаялъул чемпионлъун вахъана.**



2024-абилеб соналъул 22-абилеб маялда гIолилазда гьоркьор тIоцебесеб бакIалъе гIоло Бакуялда тIоритIарал Европаялъул U23 къецазда МуртазагIалиевас тIоцебесеб бакI босана.

Бакълъулазул спортсмен цеве вахъана 97 кг цIайиялда щвезегIан ругезда гьоркьов. Иргадулаб нухалъ Россиялъе меседилаб медаль босана МухIамадица. Муниципалиталъул бетIер Гъалип Гъалиповас баркана спортсменасда ва гьесул тренеразда чемпионлъун вахъин, гьарана гьесие нахъеккунги чIахIиял бергьенлъаби ва сундулъго икъбал.

Абизе ккола гьаб соналъул февраль моцIалда МуртазагIалиевас чIахIиязда гьоркьор тIоритIарал эркенаб гугариялъул чемпионаталда кIиабилеб бакI босана.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# ХIабиб УхIумаев студенталгун дандчIвана

**СВОялъул рагъухъан, Каспиялъул флотилиялъул аскарияв, «Рагъулаб тIокIлъиялъухъ» медалалъе мустахIикълъарав, Бакълъул районалъул МелъелтIа росулъа ХIабиб УхIумаев Дагъистаналъул профессионалиябгун педагогикияб, бакIал раялъул ва дизайналъул, машинабазулгун нухлул колледжазул студенталгун дандчIвана.**

Тадбиралда гьединго гIахьаллъана Минобрнаукаялъул вакил, Аргъвани росулъа АхIмад МухIамадгъазиев, МахIачхъалаялъул рагъулаб комиссариаталъул хIалтIухъан Шамил КъурбангIалиев ва цогидал. УхIумаевас гIолилазе бицана тIадаб рагъулаб борч лъикI борхи, ВатIан цIуни – кIвар цIикIкIараб иш букIин.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

# ЦIалдохъабазда гьоркьор волейболалъул къецал

**МелъелтIа росулъ 2009-2010-абилел соназ гьарурал васазда гьоркьор тIоритIана волейболалъул къецал. Тадбир гIуцIана муниципалитеталъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул Комитеталъ. Къецазул хIасилалда тIоцебесеб бакI щвана мелъелдерил командаялъе, кIиабилеб – ТIад Инхо росдал командаялъе, лъабабилеб – игьелдерил командаялъе.**

# Организацию Декады экологии обсудили в Гумбете

**Под руководством замглавы Гумбетовского района Мухтарахмеда Ахмедова состоялось совещание по вопросам организации мероприятий в рамках Декады экологии под девизом «Марафон зеленых дел – За чистый Дагестан» в преддверии Дня экологии для улучшения санитарно-эпидемиологической обстановки на территории муниципалитета с 25 июня по 5 мая.**



В мероприятии приняли участие руководители учреждений и представители СМИ района. На совещании обсудили проведение субботников по уборке мусора и наведению порядка в общественных местах, на территориях индивидуальной застройки, вдоль реки Андийское Койсу, на участках дорог республиканского значения, а также освещения проведённых мероприятий в средствах массовой информации района.

Замглавы района Мухтарахмед Ахмедов дал необходимые указания для проведения экологических мероприятий на должном уровне, а также подчеркнул важность обеспечения безопасности при организации субботников.

**РИО «Гумбет»**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов муниципального образования «Сельсовет “Мехельтинский”»

**РЕШЕНИЕ №1**

**от 24 марта 2024 года** **с. Мехельта**

## «Об утверждении отчета об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Мехельтинский”» за 2023 год

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Сельсовет “Мехельтинский”», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Мехельтинский”» за 2023год Собрание депутатов:

РЕШАЕТ:

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «сельсовет “Мехельтинский”» Гумбетовского района за 2023 год:

- по доходам в сумме 10860000 тыс. рублей согласно приложении №1 к настоящему решению
- по расходам в сумме 10459400 тысяча рублей согласно приложении №2 к настоящему решению.(источником финансирования дефицита бюджета 2023года является остаток бюджетных средств 01.01.2023г - 1089228 тыс.руб)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания**
**А. Х. Рурухмаева.**

**Приложение №1 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет “Мехельтинский”» от 24 марта 2023 года №1**

### Доходы бюджета сельского поселения «Сельсовет “Мехельтинский”» за 2023 год

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | План на 2023 год | Фактически исполнено за 2023год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 1077,0 | 864,7 | 80,3 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030101000110 | 79,0 | -13,6 | -17,2 |
| Единый сельскохозналог | 18210503010011000110 | 44,0 | | |
| Земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 197,0 | -680,5 | #### |
| Пения на земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | | |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | 0,0 | 88,1 | #### |
| Земельный налог до 01.01.2006г | 18210904053101000110 | | 70,5 | #### |
| ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ | | 1397,0 | 329,2 | 23,6 |
| БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | | 5909,0 | 5909,0 | 100,0 |
| **Дотация сельскому поселению из ФФПП** | **00120201001100000150** | **5564,0** | **5564,0** | **100,0** |
| Субсидии в.т числе | | 0,0 | 0,0 | #### |
| Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержани автомобильных дорог общего пользования | 00120220041100000150 | 2175,0 | 2175,0 | 100,0 |
| Иные межбюджетные трансферты в т.ч. средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий | 00120204014100000150 | 1379,0 | 1379,0 | 100,0 |
| Субсидия | 00120215009100000150 | | | |
| Субвенции | | 345,0 | 345,0 | 100,0 |
| | в том числе | | | |
| Выполнение полномочии по первичному воинскому учету на территориях, где отсуствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000150 | 345,0 | 345,0 | 100,0 |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **10860,0** | **9792,2** | **90,2** |

**Приложение №2 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет “Мехельтинский”» от 24 марта 2023 года №1**

### Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Сельсовет “Мехельтинский”» за 2023 год

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2023год | Кассо - вые выплаты за 2023 год | % выпол- нения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ВСЕГО | | | | | 11173,5 | 10459,4 | 93,6 |
| Общегосударственные вопросы | 001 | 01 | 00 | | 2916,0 | 2282,9 | 78,3 |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд. власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 2916,0 | 2282,9 | 78,3 |
| Национальная оборона | 001 | 02 | 00 | | 345,0 | 345,0 | 100,0 |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 345,0 | 345,0 | 100,0 |

**(Продолжение на- 4 стр.)**

## Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Сельсовет “Мехельтинский”» за 2023 год

(Начало - на 3 стр.)

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Национальная экономика | 001 | 04 | 00 | | 675,0 | 675,0 | 100,0 |
| Дорожный фонд (возврат) | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 675,0 | 675,0 | 100,0 |
| Жилищно-коммунальное хозяйство | 001 | 05 | 00 | | 3585,3 | 3585,3 | 100,0 |
| Благоустройство | 001 | 05 | 03 | 9900040010 | 3585,3 | 3585,3 | 100,0 |
| | 001 | 04 | 09 | 1530020760 | 1500,0 | 1499,0 | 99,9 |
| Культура и кинематография | 001 | 08 | 00 | | 1823,2 | 1823,2 | 100,0 |
| Культурно - досуговый центр | 001 | 08 | 01 | 9900080010 | 1823,2 | 1823,2 | 100,0 |
| Социальная поллитика | 001 | 10 | 00 | | 83,0 | 76,0 | 91,6 |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенсии) | 001 | 10 | 01 | 9900090010 | 83,0 | 76,0 | 91,6 |
| Физкультура и спорт | 001 | 11 | 02 | 9900090100 | 173,0 | 173,0 | 100,0 |
| Молодежная политика | 001 | 07 | 07 | 9900070050 | 73,0 | 0,0 | 0,0 |

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## В Гумбете проводится ОПМ «Внимание - дети»

**В целях предупреждения детского дорожно-транспортного травматизма с 20 мая по 02 июня 2024 года в Республике Дагестан проводится 2-й этап оперативно- профилактической мероприятие «Внимание – дети!».**

«В рамках комплекса мероприятий сотрудники ОГИБДД ОМВД России по Гумбетовскому району проверят наличие в общеобразовательных учреждениях «уголков дорожной безопасности», которые выступают в качестве наглядного пособия по обучению детей безопасному поведению на дороге. Будет проверено эксплуатационное состояние подъездных путей к школам: наличие дорожных знаков, разметки, ограждений, пешеходных переходов. Сотрудники организуют проверку технического состояния автотранспорта, который осуществляет перевозку детей к образовательным учреждениям».

Кроме того, особое внимание сотрудников ОГИБДД будет обращено на соблюдение водителями правил при перевозке детей — использование ремней безопасности и специальных удерживающих устройств. Уважаемые водители! Соблюдайте правила дорожного движения при перевозке детей! Пункт 22.9 ПДД РФ гласит: перевозка детей до 12-летнего возраста в транспортных средствах, оборудованных ремнями безопасности, должна осуществляться с помощью использования специальных детских удерживающих устройств, соответствующих весу и росту ребенка, или иных средств, позволяющих пристегнуть ребенка с помощью ремней безопасности, предусмотренных конструкцией транспортного средства, а на переднем сиденье легкового автомобиля – только с использованием специальных детских удерживающих устройств. Родители являются образцом для подражания, и дети на дороге копируют поведение родителей, повторяют все то, что делают в таких случаях взрослые. Поэтому так важно каждому родителю всегда строго соблюдать правила дорожного движения. Дорожно-транспортное происшествие — это трагедия, и в этом случае «личный» опыт ребенка недопустим и должен быть заменен на опыт, накопленный обществом.

**Врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району подполковник полиции М.А. Адилгереев**

## Охрана труда и техника безопасности на предприятиях

**Охрана труда и техника безопасности на предприятии включают в себя комплекс мер, целью которых является обеспечение безопасности и сохранение здоровья работников, занятых исполнением своих трудовых обязанностей. Основные нормативные требования по этому направлению приведены в Трудовом кодексе. Также действует целый ряд специализированных нормативных актов отраслевого и межотраслевого характера.**

Мероприятия по охране труда и ТБ направлены на предотвращение травм работников и исключение ситуаций, следствием которых может стать несчастный случай или авария. При этом на различных предприятиях требования техники безопасности и комплекс необходимых мер могут существенно различаться в связи с отраслевыми особенностями. В целом же можно выделить общие требования. Приведем основные из этих требований.

**Требования по созданию безопасных условий труда на рабочих местах**

Охрана труда и техника безопасности на предприятии – это, прежде всего, зона ответственности работодателя и соответствующих служб организации.

Работодатель обязан разработать внутреннюю нормативную документацию, проводить инструктажи и проверки знаний в соответствии с требованиями законодательства, информировать работников обо всех обстоятельствах, от которых зависит безопасность на производстве.

Также работодатель обязан создать для работников безопасные условия труда. Для этой цели предусматривается комплекс требований:

•использование оборудования и конструкций, соответствующих требованиям стандартов и другой нормативной документации;

•соблюдение сроков периодических ремонтов и обслуживания оборудования;

•соблюдение требований пожарной и электробезопасности при оснащении производственных и офисных помещений;

•установка необходимых защитных приспособлений и конструкций;

•обеспечение достаточной освещенности, вентиляции, поддержание оптимального температурного режима на рабочих местах;

• своевременное устранение пыли и отходов производства;

•обеспечение работников спецодеждой и спецобувью, а также другими средствами индивидуальной защиты в соответствии со спецификой производства;

•обеспечение работников актуальными инструкциями по ТБ, наглядными материалами;

•создание на рабочих местах и в производственных помещениях всех необходимых систем сигнализации, размещение знаков безопасности и т.д.

Требования по поддержанию безопасности на рабочих местах

Одной из приоритетных задач охраны труда и техники безопасности является поддержание рабочих мест и производственных помещений в безопасном состоянии. Для этой цели предъявляются следующие требования:

•каждый работник, независимо от должности и места работы, несет ответственность за поддержания порядка на своем рабочем месте;

•необходимо своевременно убирать мусор и содержать рабочее место в чистоте;

• проходы, коридоры, пути эвакуации должны оставаться свободными;

•прокладка кабелей в пределах рабочих мест должна выполняться с соблюдением требований электробезопасности;

•при разливе или рассыпании каких-либо веществ на рабочем месте или в производственных помещениях уборка должна быть произведена немедленно.

**Требования техники безопасности к работникам предприятия**

Обеспечение безопасности труда невозможно без непосредственного участия самих сотрудников. Значительная часть аварий и несчастных случаев на производстве происходит из-за нарушений, допускаемых работниками.

Все работники, независимо от должности обязаны:

•знать особенности технологического процесса на своем рабочем месте;

•знать и соблюдать все действующие требования по безопасной эксплуатации оборудования на своем рабочем месте;

•обладать в полном объеме знаниями в рамках инструктажей по охране труда;

•носить принятую на предприятии униформу, спецодежду, использовать средства индивидуальной защиты;

•соблюдать требования техники безопасности, действующие в производственном подразделении;

•знать и соблюдать требования, которые предписываются знаками безопасности, установленным на рабочем месте;

•соблюдать требования пожарной безопасности и электробезопасности

**Раисат Ахмедова, специалист по охране труда ЦЗН по Гумбетовскому району**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Макка МухIамадова
Фотомухбир:
Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.